

# PERYÒD ABÒDABILITE DEFINI

## KISA YON PERYÒD ABÒDABILITE YE?

Pou garanti investisman CDBG-DR ap fè nan pwopriete alwe yo kreye lojman abòdab, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la (HRRP) ap aplike egzijans lwaye ak kantite moun ki nan kay yo pandan tout dire peryòd konfòmite a, sa yo konn rele peryòd abòdabilite a. Pandan peryòd abòdabilite a, yo dwe rezève tout inite lwaye pwogram Rekonstwi Florid la ede finanse yo pou moun ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) yo. Lwaye yo, ominimòm, dwe konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME). Lwaye yo pa dwe plis pase 30% revni mansyèl pou yon fwaye k ap touche 80% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn (AMI) lan.

## POLITIK SOU LOJMAN FAMILYAL ALWE A

Tout mèt pwopriete alwe yo, kèlkeswa kantite inite yo genyen, dwe itilize nòm lojman ekita yo lè pwogram Rekonstwi Florid la te ede finanse piblisite ak lwaye pwopriete yo.

Yo dwe kenbe ant youn ak kat (1 a 4) pwopriete alwe piti yo kòm inite abòdab alwe pou yon peryòd senk ane (5 an) ominimòm apre pwogram Rekonstwi Florid la fin fè aktivite konstriksyon yo.

Pwopriete miltifamilyal yo, ke yo defini kòm pwopriete ki genyen senk inite oswa plis yo, dwe rete kòm inite abòdab alwe pou yon peryòd 15 zan (15 an) ominimòm.

## KÒMAN YO SIVEYE PERYÒD ABÒDABILITE A?

Mèt pwopriete alwe yo dwe montre pwogram Rekonstwi Florid la dokiman konfòmite chak ane pou yo pwouve ke yo rezève inite lojman yo ede finanse yo nan to lwaye abòdab obligatwa yo epi revni lokatè yo konfòm ak limit pou inite yo. Dokiman ki obligatwa pou konfòmite yo gen ladan kopi materyèl piblisite ak lwaye yo, kopi akò lwaye yo, rejis lwaye yo, ak enfòmasyon sou revni lokatè yo. Mèt pwopriete alwe yo dwe sètifye dokiman yo.

**Atansyon:** Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay Eta Florid la gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminel dapre 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.

## POLITIK SOU LOJMAN INIFAMILYAL LA

Peryòd abòdabilite yo p ap aplike pou pwojè reparasyon ak rekonstrikasyon lojman inifamilyal yo depi se aplikan ki te mèt pwopriete a epi yo t ap viv ladan nan moman Ouragan Irma te frape a epi aplikan kontinye posede epi ap viv nan lojman pandan dire peryòd konstriksyon an. Mèt pwopriete a pral dakò pou li pa transfere pwopriete a oswa okenn enterè ki gen sou pwopriete a kèlkeswa si se volontèman oswa envolontèman, jiskaske yo fin fè amenajman, rekonstrikasyon oswa ranplasman.